

SOSYETE KOUKOUYAN AKSYON

Yon kout chapo pou oumenm ekri nan fanm ayisyen konsekan,

Henri-Robert Durandisse

Powèt / Ekriyen

Manm Sosyete Koukouy Kanada

Mwen swete lèt sa a jwenn nou nan yon espri pozitif ak anpil enèji. Jodi a, 8 mas, jounen entènasyon Fanm, mwen pran plim mwen pou mwen fè ou konnen tout admirasyon mwen pou ou ansanm ak tout sa nou fè nan monn literè a. Ou se yon kreyatè ki gen yon enpòtan espesyal pou mwen.

Prezans ou nan chan literè a se yon sous enspirasyon pou tout moun ki gen chans li tout sa ou ekri. Sa mwen apresye anpil se angajman total ou ki parèt nan chak mo, chak fraz, epi chak grenn kreyasyon ou. Nan zèv ou kreye, mwen santi yon touch patikilye. Flann panse yo simaye pou nou tout. Fòs kreyativite ou, se felatifik ki ap klere eritay literè peyi a ansanm ak richès kreyativite ou. Se don pa ou, lanati ba ou pou ou dirije epi garanti lavi sou latè. Epitou, sa pèmèt moun apresye pi plis toujou pawòl Michel-Ange Hyppolite (Kaptenn), ki ekri :

Fanm Mennen lavi

Nan sous dodo meya

Kwape lamizè

Twaze dyòl maldyòk

Dwèt madichon fanm

Pa respekte pè pap

Lè fanm vanyan ap mache

Li sanble tèt koupe ak manzè lavi

Sous: Zile Nou, Koleksyon Koukouy (1995), paj 49.

Se sou menm elan sa a, nan Langay Lanmou, mwen ekri:

«Jodi uit mas la, m sonje Grann mwen. Li toujou di: Fanm se jèvrin lavi. Wi! Mwen chante ochan pou tout grann, tout manman, tout jèn fi, tout ti fi. Ochan pou tout fanm ki fè lode bèlte tounen reyalite. Ochan pou ou fanm chans mwen.»

Sous: *Langay Lanmou, Éditions Paroles (2008), paj 75.*

Nan chak pwojè literè ou, nanm ou mete sou pèsonaj ou yo se ekstansyon ki konekte yo avèk fib emosyon ki travèse ou nan pwofondè entim ou. Yo vizite chak lèz lavi ki ap manifeste nan sosyete ayisyen an. Chak jou ki leve, ou kontinye ap eksplòre sijè, tèm, panse ki fondamantal nan lavi an jeneral epi nan kilti ayisyen an patikilye. Pi plis toujou, ou reyisi chame imajinè nou avèk pisans mantal ou. Talan ou eksepsyonèl!

Pwodiksyon literè ou nan sosyete a se yon konstriksyon ki mennen yon refleksyon sou valè espesifik epi eksperyans ki karakterize lavi fanm ayisyen an jeneral. Sa vle di, sou tè Ayiti kou nan dyaspora a, paske yonn pa kapab mache san lòt. Dyaspora a se reponndong peyi a.

Nan travay literè ou, ou ban nou okazyon dekouvri tout aspè kondisyon vi w. Ou pote yon lekti fanm sou reyalite fanm, defi ou rankontre, san bliye sityasyon ou ap simonte chak jou nan vi w. Nan mitan tout ale-vini sa yo, ou jwenn tan pou ou valorize kouraj ou ak viktwat ou ranpòte nan lavi a. Kidonk, literati pèmèt ou pozisyon ou kòm yonn nan pilye kolektivite ayisyen yo nan nenpòt ki kote yo ap viv.

Premyèman, literati fanm ayisyen mete akèl, batay kote, oumenm fanm, se chak jou ou ap valorize tèt ou nan yon sosyete ki anba dominasyon gason, an majorite. Ou ekspozè defi ou rankontre nan lit ou mennen pou otonomi, libète, ak egalite fanm, ki dwe fonksyone kotakòt ak gason. Defi sa yo mete anpil presyon pou sosyete nou an chanje yon fason total kapital. Epi, kontinye bat chalbari kont tout kalite presyon ki vle pou fè fanm konfòme yo nan wòl jenetik sosyete mal la deja defini pou yo.

Pa konsekan, literati fanm ayisyen yo ofri yon espas pou yo ekspri vwa yo, demontre eksperyans yo, dekonstui sistèm inegal sosyete gason an bati depi plizyè syèk la. Batay ou, oumenm fanm, dwe kontinye pou ou reveye tout gason, ki vle pran pòz bowòm sosyal yo pou yo mete ou sou kote. Alavèrite, zèv literè ou pwodui pèmèt ou reklame epi revandike plas nan tout sosyete matyo.

Dezyèmman, mwen santi literati a selebre fòs ak rezilyans oumenm fanm ayisyen demontre lè ou fè fas ak advèsite. Li mete an premye plas kapasite ou genyen pou ou pwoteje tèt ou kont tout obstak ou rankontre, epi kapasite ou devlope avèk detèminasyon pou ou defann diyite ou. Nan literati fanm ayisyen ekri, nou dekouvri istwa batay pou yo rive siviv epi pou yo reyisi. Se tout eleman sa yo, ki rasanble ansanm pou yo founi nasyon an yon sous enspirasyon bèl kalib, yon modèl pou sila yo ki nan wout kapab suiv.

Pi plis toujou, literati fanm ayisyen yo pwodui ofri nou yon pèspèktiv ki diferan nan relasyon moun anndan yon dinamik lafanmi ki an penpan. Zèv literè ou yo eksplòre lyen konplèks ki egziste ant fanm yo ak kominote kote yo ap evolye. Lè yo devvale eksperyans entim ou epi emosyon pèsonèl ou yo kòm fanm anndan literati a, yo favorize yon konpreyansyon an pwofondè sou relasyon moun.

Jodi a, mwen vle fè ou sonje fason chemen literè ou trase a rive jwenn nou nan sosyete a pa genyen pri. Lajan pa pe janm sife pou nou peye ou. Chak mo ou ekri pote yon ti moso nan sa ki fè oumenm se oumenm. Ou valorize ekzistans

fanm ak tout sa li ap viv kòm moun. Mwen swete tout gason ayisyen, mwenmenm premye, prensipalman tout ekriyen ayisyen, rive pote kole avèk ou nan lit ou ap mennen pou ou chanje lavi nan enterè nou tout.

Ou bay lavi pawòl ou, epi se sa ki fè zèv ou anbeli lavi nou. Ou gen kapasite pou ou ranpli ekzistans nou avèk fòs imajinasyon ou. Mwen swete ou kontinye ekspri avèk pasyon avèk lanmou. Mennen vwa ou pi lwen, epi kondui lemoun nan tèt yon byennsite ki p ap janm fini.

Chak pawòl ou se yon tantativ ou fè pou ou mete yon priz pòtrè reyèl Ayiti sou papye. Lè mwen tande pawòl ou, mwen pa sèlman tande yon vwa, mwen tande tou yon senbòl pisan, yon entènasyon kiltirèl ki touche kè nou tout epi ki envite nou nan yon dans, kote tanbou asòt ap kata pou lavi chanje.

Langay ou se yon langay ki rasinen nan kilti kreyòl ayisyen an epi ki fè mwen sonje sous lavi pa mwen ki sòti nan kè manman Lafrik. Fanm Dayiti, zèv literè ou se yon resous ki makonnen avèk nou tout ansanm nan divès dimansyon lavi nou.

Fanm ekriyen ayisyen konsekan, kontribisyon ou pote plis koulè nan richès literati ayisyen an. Ou reprezante yon pilye enpòtan nan wayòm kiltirèl peyi a.

Mwen p ap janm bliye. Mwen pa gen dwa janm bliye kòmman ou se yon fòs ki kapab chanje nou anndan kou deyò. Lè ou ekri, ou fè lavi kado lavi. Se kado ki touche nanm nou. Mwen ankouraje ou, avèk tout respè epi tout admirasyon mwen gen pou ou, pou ou kontinye kreye zèv ki va kontinye fè lavi onè.

Avèk tout langay lanmou kè mwen, Fanm ekriyen konsekan Dayiti, mwen bese byen ba pou mwen di ou, mèsi. Mwen di ou mèsi fanm ekriyen Dayiti.

BELANTRE NAN TIM TIM : JADEN KREYASYON AVÈK MICHEL-ANGE HYPOLITE

Michel-Ange Hyppolite (Kaptenn Koukouwouj)

Powèt / Ekriyen

Manm Sosyete Koukouy

Manm Akademi Kreyòl Ayisyen

Nan *Koleksyon Koukouy*, Pascale Millien-Faustin se premye fanm ki angaje talan ekriyen li nan fòm literè ki rele rakontaj la. Prensipal karakteristik fòm rakontaj, ki nan kategori istwa kout, se *dewoulman lavi yon pèsonaj reyèl oubyen imajinè nan yon espas tan detèmine, kote nou jwenn youn oswa plizyè evènman dramatik avèk youn oswa plizyè pèsonaj*» (Jean-Robert Placide nan *Pawòl Kreyòl: Revi literè Sosyete Koukouy*, 2015, volim 4, paj123).

Pascale Millien-Faustin chwazi istwa kout, paske prensipal sous motivasyon li se devlope plis zèv literè pou timoun. Nan ane 2015, li te parèt avèk premye zèv li pou timoun jouk rive laj 7 tan. Tit liv la se *Eli Fèt Leyogàn*.

Lè nou suiv teknik ekriyi otè a nan *Tim Tim: Jaden Kreyasyon*, nou remake plizyè nan tèks li yo genyen fòm kont. Se yon apwòch estetik otè a itilize pou li kapte atansyon lektè yo. Tanto tèks la kòmmanse nan yon anbyans kont (*Krik Krak*). Tanto nou jwenn yon chante nan dewoulman istwa a (*Lalin ak Solèy*). Rapwochman sila a se yon diplis nan estil otè a itilize pou li rakonte istwa yo. Se fason pa otè a pou li pote novote apati yon moul natifnatal.

Prensipal fòs istwa yo nan *Tim Tim: Jaden Kreyasyon* se nonsèlman divès kalite enfòmasyon otè a pote pou lektè li yo sou plan sosyal, men tou, se ale vini otè a nan mitan rejis oraltè avèk rejis ekriyi literè. Otè a menm kreye yon pon nan finisman tèks ki rele *Pouvwa*. Silans la, kote li demontre akèl, li ap sòti nan oralite pou li rantre nan lekti.

Atraksyon Lalin ak Solèy pami tout kò selès yo antre anba regleman lwa syans fizik nan lespas. Sepandan, otè a, ak *pouvwa kreyatè literè li*, mennen yo nan mitoloji kreyasyon. Nan istwa sa a, plim otè a antre nan parad avèk divès kalite inifòm, kote senbòl sosyal, ekolojik, amoni, respè yonn pou lòt, lamitye benyen ansanm nan basen lavi sou latè. Sa ki pi bèl la, li rive dedouble fanm ak gason nan istwa a, li ba yo yon rechany tou nèf pou yo chita ansanm sou dodin Lalin ak Solèy avèk yon powèm damou. Se sèl grenn powèm ki genyen nan liv la. Sa vin ranfòse davantaj pisans senbolik li nan mitan istwa kout yo.

Otè a ekri an premye pou plezi li, men plis toujou, li ekri paske li vle pote yon lòt dimansyon nan angajman sosyal li anndan kominote kote li ap viv la epi nan peyi kote li te wè lalin ak solèy premye fwa nan lavi li.

Ideyal otè a, deviz lavi li, se pataj. Pi bèl plan pataj li pote byen fon nan kè li, epi li kontinye ap ranfòse apati divès aksyon li yo, se limyè lakonesans li rasanble apati eksperyans lavi li, ki rete plante an pwofondè nan rasin memwa li. Se yomenm tou, ki toujou prezan pou yo nourri sous kreyativite li.

Nan *Tim Tim: Jaden Kreyasyon* nou wè devouman. Nou wè tou divès aksyon yon timoun fwonte, ki ap kase kòd tradisyon granmoun yo enstale nan sosyete a san li pa janm mete tèt li an danje, oubyen ankò, li pa janm travèse prensip ki tabli anndan nòm yo san pwoteksyon. Depi lwa yo pale, li koute, men si kouray zansèt li yo pèmèt li, li ka toujou taye

banda ak lespwa.

Lespwa se divès boukan reyalite lavi a limen sou chemen nou. Li pa toujou depann de volonte nou, men, li vivonnen nou, sele nou, depi nan tèt jouk nan pye, epi li pentire lavi avèk divès varyete koulè woz. Lespwa se Jaklen ki travèse larivyè ak tout inosans li, epi pote kòd pou Poupèt aprann li sote. Jaklen ka sote wotè esperans li, men se Poupèt ki mèt jwèt la. Se li ki va louvri jwèt la avèk ladrès (*Yon Dous, Yon Cho*).

Nou li pou nou amize nou, chèche konsekan, epi dekouvri lavi nan divès faz apati eksperyans lòt moun fè. Oubyen ankò, apati eksperyans lòt moun ankouraje nou fè. Lè yon jenn timoun, nan grandi li aprann fòk se Pòtoprens pou li rantre lè li bezwen bon swen pou sante li (*Pouvwa. Silans.*), si konsyans li te sou poz, gen anpil chans pou li reveye, epi pou li di: «Fòk yon jou mwen chanje sityasyon sa a.» Kidonk, se yon feso limyè anplis, otè a mete sou wout lespwa nan yon anviwonman, kote rev epi materyalizasyon yo se konpayèl chanjman.

Istwa kout ki anndan *Tim Tim: Jaden Kreyasyon* debobinen avèk divès leson nou kab aprann pou nou chanje lavi. Gen istwa ki abòde pwoblèm koulè, genyen lòt ki pèmèt nou dekouvri lavi alakanpay. Pi plis toujou, nan liv la nou li istwa ki ta vle franchi liy sansyalite. Yo tout se gam nou kab itilize pou nou amonize lavi depi nan bèso jouk nou rive sou baton.

POU SILANS KONFYANS

Michel-Ange Hyppolite (Kaptenn Koukouwouj)

Powèt / Ekriyen

Manm Sosyete Koukouy

Manm Akademi Kreyòl Ayisyen

Silans Konfyans se yon chantye tou nèf Sherley Louis louvri sou teren literati kreyòl Ayiti a. Liv sa a pote anndan li yon tranche nan panse entim otè a, li chwazi pataje avèk lektè li yo. Se rezon sa a menm, ki mennen li klase liv la nan kategori *Journal Entim*. Plezi pataj sa a parèt nan tan COVID 19, kote kondisyon difikilte lasante te mete lemoun antye ogadavou. Tout moun te rete lwen moun.

Sepandan, lanmou pa te kab rete sou pòz. Konsa, refleksyon sou fason moun dwe viv lanmou te jwenn plas pou yo fè ladesant nan lespri Sherley Louis. Li te fè plas pou yo grandi. Epi, lè otè a te fin abiye yo nan gou li, li prezante yo bay lektè li yo tankou pawòl majè yon ekriyen, ki louvri je li byen laj, mezi laj li, sou libète moun dwe bay tèt yo nan lavi lanmou.

«Nou dwe aprann divès fason pou nou egziste nan amoni yonn ak lòt, yonn pou lòt epi koupe sosyete a koutje, pandan nou konnen gen yon limit nou pa dwe janm depase, paske nou pral dezamoni, dezakòde pwòp tèt ansanm nou ak sila yo ki nan anviwonman nou yo» (Paj 73)

Nan *Silans Konfyans*, Sherley Louis pran tan li, li ranmase tout bon sans li pou li mete nou an kontak avèk divès ale vini ki alimante kouran lespri. Yo tout se aboutisman eksperyans li kotakòt avèk divès obsèvasyon li anrejistre nan anviwonman li.

Journal Entim Sherley Louis a se yon pwomnad nan mitan yon jaden ki ap fleri pou byennèt chak moun, lwen tout kalite limitasyon sosyal. Divès restriksyon otè a denonse yo, se movezèb ki ap toufe juisans plezi viv. Se poutèt sa, li pote kòd nèf ak bon jan bokit pou li tire dlo ki kab rafrech liyè panse perime, ki kontinye ap pran rasin nan yon sosyete ki ap evolye pi plis chak jou.

«Ou di mwen, ou toujou la pou mwen. Mwen di ou mèsi, cheri. Mwenmenm tou, mwen ap toujou la pou ou. Depi ou rive mete sou poz tout lide tèt-anba sosyete nou an mete nan lespri ou, nou pral louvri pòt lanmou sa a byen laj.» (Paj 35)

Divès pawòl, tanto pou pwoteste kont yon sistèm sosyal demode, tanto pou li montre chemen amoni nan yon relasyon lanmou, se pon chanjman pou lanmou vwayaje an dousè nan mitan anmoure tan modèn yo. Tout pandan otè a ap pase sistèm sosyal, nan anviwonman li yo anba loup, li pwofite tabli pwòp bezwen pa li, epi li demontre nesite pou lòt anmore chèche limyè lanmou selon pwòp bezwen pa yo.

Nan *Silans Konfyans*, lektè a ap pran gou nan fason otè a abòde plezi lanmou avèk yon sipèb sajès. Men, pi plis toujou, nivo langaj otè a itilize a konn mennen lektè a sou chemen teknik imajis ekriyen Sosyete Koukouy yo ap eksperimante depi nan kòmansman ane 1990 yo.

«Si yon jou kò mwen avèk ou ta fè yon dyagonal yonn pou lòt pandan nou ap trase espas limyè ki ap klere plezi nou, se tout zwazo sou latè ki ta pran chante pou nou. Se tout flè ki ta amonize koulè yo pou yo kouwonnen lanmou nou. Se tout bato ki ta gonfle vwal yo pou yo vwayaje avèk nou.

Wi! Si yon jou. Senpman, si yon jou, espas nou ta rive fè yon sèl sou tè nou ap gani nan kè nou an, ala yon bèl chato lanmou nou ta bati ansanm tidous mwen.» (Paj 75)

Silans Konfyans se premye liv, nan kategori *Journal Entim*, ki soti nan Koleksyon Koukouy. Jiskase rechèch yo pwouve lekòtrè, nou kab di: *Silans Konfyans* se premye liv ki pibliye nan kategori *Journal Entim* nan literati Kreyòl Ayiti a.